ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№224 (22.382) • 2012 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 17, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Чеченов Г.А. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩЫхь тхылыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, жылагъуэ Іуэхугъэм жыдэкъу зэрыхэтым икІи профсоюз зэщІэхъеныгъэм зегъэужьыным кърауршхуэ зэрырихьэлІам папщІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылыр етын **Чеченов Георгий Аллахберды и къуэ** - Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэуэзэда кърухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветерантэм (пенсионерхэм) я Шэрдж район советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м
№161-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **унафэ соиІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр мы къыкІэлъыкІуэхэр хэту къэщтэн:

Хьэсанэ Руслан ПІалэ и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр;

Марьяш Иринэ Евгений и ихьуэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр;

Уэнаев Казым Хьажы-Мурат и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр;

Къудзокъуэ Мухьэмэд Мартин и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр;

Портэ Галинэ Абубэ и ихьуэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр;

Семэн Пщыкъан Григорий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр;

Гъэшев Берт Хьэжыуэсмэн и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр;

Къаздохъу Альберт Билал и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министрыр;

АфІэуэ Аслъэн Мартин и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмымкІэ и министрыр;

Мамий Артур Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрыр;

Дышэкі Аслъэн Заурбэч и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр;

Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лъжыгъэмрэ социальэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр;

КІэрэф Мурат Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр;

Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр;

Кучменов ТІэхьир Махьты и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрыр.

2. Къару ямыІэжу къэлытэн:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ»» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м кыдигъэкІа Указ №172-УП-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м кыдигъэкІа Указ №3-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м кыдигъэкІа Указ №40-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м кыдигъэкІа Указ №93-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№181-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **унафэ соиІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр мы къыкІэлъыкІуэхэр хэту къэщтэн:

Хьэсанэ Руслан ПІалэ и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр;

Марьяш Иринэ Евгений и ихьуэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр;

Уэнаев Казым Хьажы-Мурат и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр;

Къудзокъуэ Мухьэмэд Мартин и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр;

Портэ Галинэ Абубэ и ихьуэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр;

Семэн Пщыкъан Григорий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр;

Гъэшев Берт Хьэжыуэсмэн и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр;

Къаздохъу Альберт Билал и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министрыр;

АфІэуэ Аслъэн Мартин и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмымкІэ и министрыр;

Мамий Артур Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрыр;

Дышэкі Аслъэн Заурбэч и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр;

Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лъжыгъэмрэ социальэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр;

КІэрэф Мурат Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр;

Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр;

Кучменов ТІэхьир Махьты и къуэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрыр.

2. Къару ямыІэжу къэлытэн:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ»» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м кыдигъэкІа Указ №172-УП-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м кыдигъэкІа Указ №3-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кыдигъэкІа Указ №59-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м кыдигъэкІа Указ №93-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№183-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІыр теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІу **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий Хьэсэбий и къуэр** гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№183-УГ

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

ЦІыхухэр къызэрыдгъэгугъа псори дгъэзэщІэжынущ

КъБР-м и Іэтащхьэм щІэуэ къыщІэрагъэпэща Правительствэм и пащхьэ иригъэува кьаІэн нэхъыщІхьэр 2030 гъэм нэсыху округым зэрызиужьыну стратегиемрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и районхэр къызэрызэхикІуахьам кьрикІуахэм япкъ иткІэ, Кьанокъуэ Арсен кьиІэнэхэм тету зэхальхьа социально-экономикэ программэмрэ къыщыгъэлъэгъуэ социальнэ шэсыпІэхэр нэсу гъэзэщІэныгъэ. Къэгъэльэгъуапхъэщ республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэм шкохэр, сымаджэщхэр ящІыну, сабий садхэр, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къыщІэуахьыну къызэригъэзэнырэ.

«Цыхухэр къызэрыдгъэгугъа псори яхуэтщІэн хуейщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. - Сэ здэщыкъым унафэхэр тхылъымпІэм кьинэжу. Министрхэм я Кабинетым занщІэу яжьзоІэ: ар щыхухэм ядэлэжьэн, абыхэм я Іуэхухэр дагъэкІын хуейщ. Къаутыпщ ахьшІэр къэбгъэсэбэныным ехьуІэныгъэшхэр къыкъым. Хэрал кьулыкъур зыныгъ цыхум гугъуехьхэр зэфІихьыфу, дэтхэнэ унафэми кьрикІуахэ хъунур кьыгурыІуэу щытын хуеиуэ аращ. УнафэщІым зыужьыныгъэм зригъэщІэщІыфын папщІэ, Іэмалу щыІэр зэщІигъэІуэу фын хуейщ. Ар кьаІэн тыншкъым, ауэ нэгъуэщІу улажьэ хъунукъым. ПравительствэщІэм хэтхэмрэ я УнафэщІымрэ кьапэщытщ убыху хуэ хъуа гъуэгум тету кІуэтэну».

Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукІащ Правительствэм и лэжьыгъэм ткІийуэ зэрыкІэлъыплъынур. Нэхъ зыгригъэщІэнури щІыху къызэрыгуякІэмрэ жылагъуэхэм я зэІуэзэпэщІу къыщІэуахьыну. Іуэхугъэм ящІэнырэ я зэІуэзэпэщІу ящІыну, сабий садхэр, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэІуахьыну къызэригъэзэнырэ.

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КъБР-м и Іэтащхьэм и пресс-секретарь - КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэм я пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ.

ЧЕЧЕНОВ Ануар:

Къалэнхэм пэлъэщын защІэщ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІыр гъэпсэныжьыр республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и Іэнатіэхэм щекІуэкІа зэхъуэкІныгъэхэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІа политикэ Іуэхухэр къызэрыкъуэм.

- Псом япэу къыхэзгъэщхьэхухэм сыхъуэпщІу Правительствэм и УнафэщІу Хьэсанэ Руслан зэрагъэувам арэзы сызэрытехъуар. Абы Іэнатіэ хуэхъуэм хещІыкІ, республикэм и Іуэху зыІутымрэ ди цыхухэм я зэхъуэкІныгъэ фІыуэ щыгъуазэщ. Щэч кьытехьэрэкъым а кьулыкъур абы зэрыхуэфащэм.

Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэщІэм и гугъу пщІыкІ, сэ ар сфІэтэмэщІ. КъБР-м и Іэтащхьэм дыкьызэригъэгугъуэ щытам хуэдэу, ар ирагъэзэгъыжащ УФ-м и Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэм икІи абы Іэмальщ кьаритынуц властым и федеральнэ органхэм тэмэму ядэлэжьэнымкІэ.

Министрхэм я Кабинетыр щІэуэ кьыщыізэрагъэпэщыжьым кьалытащ депутатхэм, политикэ партхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я пашэхэм я Іуэху епльыкІэр. Быдэу си фІэщ мохьу зэфІэкІ зыбгъэдэлъ гуп зэрызэщІагъэуІуар икІи абы Іуэхукіэ зыкьхэзыгъэльэгъуа, Іэщіагъэрэ щІэныгъэрэ зиІэ цыхухэр зэрыкьыкьыр. ЖыпІэнчэ, кьаІэным пэлъэщын защІэщ. Абы кьищтэ дэтхэнэ унафэрэ кьэкІуэнум хуэунэтІауэ, ди республикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэрыщытынум щэч кьытесхьэркъым. Щэуэ кьызэрагъэпэща Правительствэм бгъэдэлъщ Къэбэрдей-Балькъэрым нобэ кьыпщыцыт кьаІэнхэм зэрыпэльэщын кьару.

Иужьрей ильэсхэм республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи и органымрэ гъэзэщІакІуэ властымрэ тэмэму эдэлажьэ икІи апхуэдизу дяпэкІи екІуэжыну сыщоигъ. Дэ псоми ди мурадыр зыщ - республикэм и экономикэр нэхъри кьэІэтыныinjрэ цыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныinjрэ. Аращ дяпэкІи зэщІигъуу дызытелъэжьэнур. Си гуапэщ щІэуэ кьызэрагъэпэща Правительствэм хэтхэм уэзынщагъэ, ехьуІэныгъэ яІэну, я кьаІэным пэлъэщыну.

ПЕРЕДИЙ Сергей:

ФІым ущегъэгугъ

Иужьрей зэманым дэнэ щыпІи щытепсэлъыхьу щытащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и политическэ гъащІэм. КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен Правительствэр Іуигъэкіа нужь, республикэм исхэр яфІэгъэщІэгъэну пэпльэрт кьулыкъу нэхъыщхьэхэм ягъэувынуэр кьыщыхьхьыным. Аэр кьыдэрыщыхьуам и гугъу ещІ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Славян академием и академик, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Передийр Сергей:

«Сэ икъукІэ сфІэгъэщІэгъэну сыкІэлъоплъ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щекІуэкІ Іуэхухэм. Хьэсанэ Руслан зи пашэ Правительствэ кьызэрызэрагъэпэщамрэ абы хагъэхьахэмрэ нАУэ кьыпщащІ властым и гъэзэщІакІуэ орган нэхъыщхьэм и зэфІэкІыр адэкІи кьиІэтыну КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен зэрыхуэпщІыр. Пыухькіауэ Правительствэм хагъэхьахэм уахэпльэмэ, абыхэм я зэхуэдитІыр щІэщ. Ауэ унафэр зегъэкІуэным хуэІэзэу, республикэм кьыпщыт кьаІэнхэмрэ ахэр зэрильэсхэм хьарзынэу зэтеуВами, щІыналъэм дяпэкІи псынщІэу зричу япэкІэ кІуэтэн хуейщ. Къэгъэльэгъуапхъэщ Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхуэхэр ипшыныжьын зэрыхуэзфІэкІар, агропромышленнэ комплексым, туризмым, нэгъэщІ кьаралхэм зэрадэлажьэм егупуу зэрызригъэужьыр. Премьер-министру зэфІэкІ зыбгъэдэлъ унафэщІ зэрагъэувар республикэм и Іэтащхьэм кьыхиха унэтІыныгъэр пхырыщІыжьыкІэ сэбэп хьунущ. Сэ кьызэрысльыгэмкІэ, зи Іэнатіэм іукІа Правительствэр мыбздаджэу лэжьащ икІи абы хэта министрхэм ящыщу нэхъ ІэкІуэльакІуэхэр щІэуэ кьыщызэрагъэпэща Правительствэм зэрыхагъэхьажар тэмэмщ.

«Къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым и кьыгъэгъэпэщыкІэм щІэуэ куэд зэрыхальхьар фІым ущызыгъэгугъ. Щэч кьытумыхэмрэ я пашэхэм я Іуэху епльыкІэр. Быдэу си фІэщ мохьу зэфІэкІ зыбгъэдэлъ гуп зэрызэщІагъэуІуар икІи абы Іуэхукіэ зыкьхэзыгъэльэгъуа, Іэщіагъэрэ щІэныгъэрэ зиІэ цыхухэр зэрыкьыкьыр. ЖыпІэнчэ, кьаІэным пэлъэщын защІэщ. Абы кьищтэ дэтхэнэ унафэрэ кьэкІуэнум хуэунэтІауэ, ди республикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэрыщытынум щэч кьытесхьэркъым. Щэуэ кьызэрагъэпэща Правительствэм бгъэдэлъщ Къэбэрдей-Балькъэрым нобэ кьыпщыцыт кьаІэнхэм зэрыпэльэщын кьару.

Иужьрей ильэсхэм республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи и органымрэ гъэзэщІакІуэ властымрэ тэмэму эдэлажьэ икІи апхуэдизу дяпэкІи екІуэжыну сыщоигъ. Дэ псоми ди мурадыр зыщ - республикэм и экономикэр нэхъри кьэІэтыныinjрэ цыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныinjрэ. Аращ дяпэкІи зэщІигъуу дызытелъэжьэнур. Си гуапэщ щІэуэ кьызэрагъэпэща Правительствэм хэтхэм уэзынщагъэ, ехьуІэныгъэ яІэну, я кьаІэным пэлъэщыну.

ИУАН Петр:

Правительствэм ихь жэуапыр къэІэтын хуейщ



Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэухэм щыгъуазэ щыхуащІ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэмрэ зэрыщытхьэрэ. ЦІыхухэм кьызэрагъэпэщащ. Правительствэм и УнафэщІым и гугъу пщІымэ, ар щІэныгъэ зиІэ, жьы зыщІэт цІыхуэ икІи ирагъэжьа Іуэхуфіхэм зригъэужьыфынущ. Республикэм и Іэтащхьэм гуп тэмэм кьыхихьафауэ кьызэІотытэн.

КьызэрысцыхьэкІыжьмкІэ, япэм Правительствэм жэрдэм кІэхэлъэкІымэ, хьэлъэр нэхьыбэу зытехуэр субъектым и Іэтащхьэрт. Сэ сфІэтэмэщІ Правительствэм ихь жэуапым хагъэхьуэныр».

КЪУРШЭ Владимир:

Зи чэзу хъуа зэхъуэкІыныгъэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым нужьрей зэманым щекІуэкІа политикэ зэхъуэкІныгъэхэм топсэлъыхь. УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Абазэ-абазэхэр щэнхабзэ центрым и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, Абазэ-абазэхэр дунейпсо ассоциацэм и исполкомым хэт Къуршэ Владимир.

- Кадрхэр щІэх-щІэхыурэ зэхъуэкІыныр зыужьыныгъэм и дежкІэ фІэкІыпІэ зимыІэ Іуэхущ. Атіэми, зэманыфІ хъуауэ КъБР-м и Іэтащхьэ лажьэр апхуэдэ зэхъуэкІныгъэ кууэр иригъэкІуэкІыну щытегушхуакІэ, ар зи чэзу хъуа Іуэхущ. Кьанокъуэ Арсен и мурадыр гурыІуэгъуэщ: республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр иужьрей ильэсхэм хьарзынэу зэтеувами, щІыналъэм дяпэкІэ псынщІэу зричу япэкІэ кІуэтэн хуейщ. Къэгъэльэгъуапхъэщ Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхуэхэр ипшыныжьын зэрыхуэзфІэкІар, агропромышленнэ комплексым, туризмым, нэгъэщІ кьаралхэм зэрадэлажьэм егупуу зэрызригъэужьыр. Премьер-министру зэфІэкІ зыбгъэдэлъ унафэщІ зэрагъэувар республикэм и Іэтащхьэм кьыхиха унэтІыныгъэр пхырыщІыжьыкІэ сэбэп хьунущ. Сэ кьызэрысльыгэмкІэ, зи Іэнатіэм іукІа Правительствэр мыбздаджэу лэжьащ икІи абы хэта министрхэм ящыщу нэхъ ІэкІуэльакІуэхэр щІэуэ кьыщызэрагъэпэща Правительствэм зэрыхагъэхьажар тэмэмщ.

«Къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым и кьыгъэгъэпэщыкІэм щІэуэ куэд зэрыхальхьар фІым ущызыгъэгугъ. Щэч кьытумыхьэжу жыпІэ хьунущ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэр нэхъ тэмэм зэрыхьуар. Абы и фІыщІэкІэ, ведомствэхэр зыр адрейм пэрымыІэу икІи я кьаІэнхэр нэсу зэхэтэщхьэхуакІуэ зэхъуэфІэкІынущ.

ФинансхэмкІэ министерствэм сохъуэхъу Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ унафэщІ щІалэ яІэ зэрыхьуамкІэ. Иужьрей ильэсхэм мы ведомствэм финанс-бюджет ІэнатІэр тэмэму зэтегъэувэнымкІэ щекІуэкІа лэжьыгъэщхэм адэкІи тэмэму пащэну сыщогугъ».

ЕхъулІэныгъэ къыдэкІуэну

КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм финансхэмкІэ и министр, КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым, КъБР-м Финансхэмкі и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Мыщхъуэжь Аминэ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэм хальхьа зэхъуэкІныгъэхэм ятеухуауэ жиІащ:

«Къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым и кьызэгъэпэщыкІэм щІэуэ куэд зэрыхальхьар фІым ущызыгъэгугъ. Щэч кьытумыхьэжу жыпІэ хьунущ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэр нэхъ тэмэм зэрыхьуар. Абы и фІыщІэкІэ, ведомствэхэр зыр адрейм пэрымыІэу икІи я кьаІэнхэр нэсу зэхэтэщхьэхуакІуэ зэхъуэфІэкІынущ.

Финансхэмкі министерствэм сохъуэхъу Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ унафэщІ щІалэ яІэ зэрыхьуамкІэ. Иужьрей ильэсхэм мы ведомствэм финанс-бюджет ІэнатІэр тэмэму зэтегъэувэнымкІэ щекІуэкІа лэжьыгъэщхэм адэкІи тэмэму пащэну сыщогугъ».

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 17, *щэбэт*

Студентхэм я дунейпсо махуэщ

1869 гъэм Суэц кІэнауэр (Мысыр) къызэІуахащ.

1920 гъэм Бакъыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломат зэпыщІэнгъэ яІэ хъуащ.

1970 гъэм «Луноход-1» езырызекІуэ аппаратыр.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым 4 - 5 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 18, *тхьэмахуэ*

Гъэзэгум къыщыхъу насыпышагъэхэм хэкІуэдахэм и фэеплъыр гъэльэпІаным и дунейпсо Аслъэн.

1866 гъэм Къэбэрдейм мэкъумэщышІэгъэ пщылІыпІэм щрагъэкІаш.

Кинорежиссёр, драматургыр цІэрыІуэ СССР-м и цІыхубэ артист **Рязанов Эльдар** и ныбжьыр ильэс 85-рэ ирокъу.

1928 гъэм кьалъхуащ тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыгуэн Рэшад.**

Журналист, тхакІуэ, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Багъ Нурбий** кьызэрапъуэрэ ильэс 75-рэ ирокъу.

1941 гъэм кьалъхуащ композитор, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Натхъуэ Жанхьуэт.**

1943 гъэм кьалъхуащ композитор, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м, КъБР-м, АР-м, Кубаным гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нажей Аслъэн.**

Къэбэрдей-Балькъэр Хьэмапэ банкым и тхьэмадэ **Урысый Хьэмидбий** и ныбжьыр ильэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, щэрджэгуэр нэхъыжьым уэзыв мащІэ кьыщешхыну хуагъэфащэ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым 2 - 3 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 19, *блыщхьэ*

Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ

1941 гъэм ЗыхъумэжныгъэмкІэ Налшык комитетым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дивизэр кьызэрэпэщащым теухуауэ унафэ кьищтащ.

1942 гъэм Ново-Ивановскэ къуэкІым (КъБР) фашистхэм щыхьэпІэ щащІащ партизанкэ Козуб Шурэ.

1711 гъэм кьалъхуащ урыс еджагъэшхуэ-энциклопедист, Петербург Щэныгъэхэмкі и Академием и яп э академик, зи жэрдэмкІэ 1755 гъэм Москва университетыр къызэІуаха **Ломоносов Михаил.**

1900 гъэм кьалъхуащ зауэмрэ фашизмымрэ я бийуэ кьэзыва нэмыца тхакІуэ цІэрыІуэ **Зегерс Аннэ (Радвани Нети).**

Дунейм и щытыкІэнур

pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, уэзыв мащІэ кьыщешхыну. Хуабэр махуэм градуси 2 - 5, жэщым 2 - 4 щыхъунущ.

Пліанэпэр зыгъэхьазырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Дунейм щыхъуэбархэр

КуэлыкъущІэхэр зэрехьуэкІ

Хабзэм ебзэкъуауэ кьалъытахэм тэзырхэр ягъэпэшыныжьыныкІэ къэрал Іуэхущ Іапіэм и кьулыкъущІэхэм ящыщ зыбжанэ зэхъуэкІныным теухуа унафэ кьыдигъэкІащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Указым ипкъ иткІэ, ФСИН-м и финансист нэхъыщхьэ, генерал-майор Бабкинэ Галинэрэ а Іуэхущ Іапіэм тутнакъэр хьумэныжьэ ахэр гъэІэпхъуэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ Буц Михаилрэ я кьулыкъухэм трагъэкІащ. ФСИН-м и финанс-экономикэ управленэм и унафэщІу кьэзрагъэкІуэщІ Іуэхущ. Ар кьаІэн тыншкъым, ауэ нэгъуэщІу улажьэ хъунукъым. ПравительствэщІэм хэтхэмрэ я УнафэщІымрэ я кьыгъэгъэпэщыкІэм щІэуэ куэд зэрыхальхьар фІым ущызыгъэгугъ. Щэч кьытумыхьэжу жыпІэ хьунущ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэр нэхъ тэмэм зэрыхьуар. Абы и фІыщІэкІэ, ведомствэхэр зыр адрейм пэрымыІэу икІи я кьаІэнхэр нэсу зэхэтэщхьэхуакІуэ зэхъуэфІэкІынущ.

Финансхэмкі министерствэм сохъуэхъу Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ унафэщІ щІалэ яІэ зэрыхьуамкІэ. Иужьрей ильэсхэм мы ведомствэм финанс-бюджет ІэнатІэр тэмэму зэтегъэувэнымкІэ щекІуэкІа лэжьыгъэщхэм адэкІи тэмэму пащэну сыщогугъ».

Щыхъуэбархэр

КъулыкъущІэхэр зэрехьуэкІ

Хабзэм ебзэкъуауэ кьалъытахэм тэзырхэр ягъэпэшыныжьыныкІэ къэрал Іуэхущ Іапіэм и кьулыкъущІэхэм ящыщ зыбжанэ зэхъуэкІныным теухуа унафэ кьыдигъэкІащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Указым ипкъ иткІэ, ФСИН-м и финансист нэхъыщхьэ, генерал-майор Бабкинэ Галинэрэ а Іуэхущ Іапіэм тутнакъэр хьумэныжьэ ахэр гъэІэпхъуэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ Буц Михаилрэ я кьулыкъухэм трагъэкІащ. ФСИН-м и финанс-экономикэ управленэм и унафэщІу кьэзрагъэкІуэщІ Іуэхущ. Ар кьаІэн тыншкъым, ауэ нэгъуэщІу улажьэ хъунукъым. ПравительствэщІэм хэтхэмрэ я УнафэщІымрэ я кьыгъэгъэпэщыкІэм щІэуэ куэд зэрыхальхьар фІым ущызыгъэгугъ. Щэч кьытумыхьэжу жыпІэ хьунущ Правительствэм и кьызэгъэпэщыкІэр нэхъ тэмэм зэрыхьуар. Абы и фІыщІэкІэ, ведомствэхэр зыр адрейм пэрымыІэу икІи я кьаІэнхэр нэсу зэхэтэщхьэхуакІуэ зэхъуэфІэкІынущ.

Финансхэмкі министерствэм сохъуэхъу Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ унафэщІ щІалэ яІэ зэрыхьуамкІэ. Иужьрей ильэсхэм мы ведомствэм финанс-бюджет ІэнатІэр тэмэму зэтегъэувэнымкІэ щекІуэкІа лэжьыгъэщхэм адэкІи тэмэму пащэну сыщогугъ».

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● КъБР-м и Iэтащхьэ

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Дэтхэнэ лъапсэри лэжьапIэ IэнатIэщ

**Щэкiуэгъуэм и 12-м ирагъэжьа «КъБР-м и Iэтащхьэм еупщI» зыгъэпсыхьа кIыхьыщIсапсалъэм, упщIэхэм ящыщ зым и жэуапу Къанокъуэ Арсен кIигъэлъэгъуащ зэрыщIыту республикэм щат улахуэр зэрыфIэмащIэр. «Егъэджакiуэхэм я лэжьапщIэм тIэкIу хэдгъэхьауащ, ику иту экономикэм и IэнатIэхэм щатым нэсу, дохутырхэм, псом хуэмыдуэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэри кьэIэтын хуейщ. Улахуэхэр зэрымащIэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр экономикэм нэгъэсауэ зэрызимыуважарц. Аращ сэ экономикэм псынщIэу зегъэужьын хуейуэ кьыщIэзгъэувыр», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

АКЪАЛЭНЫР гъэзэщIэнымкIэ зэран хьу щхьэусыгъуэхэр, Къанокъуэ Арсен кьызэрилытэмкIэ, мащIэкъым. Абыхэм ящыщ зыщ дуней псом финанс Iэхуэхэр зэрыщIэзыхьар. Кьралым псоми я экономикэр зэпыщIащи, ар зэхуэдэу зэран яхуохьу. «Ауэ дэ абы щхьэкIэ дытхьэусыхэу дыщысынукъым, нэхъ тэмэмыр уи Iащхьэ дэбгъэджэзейуэ улэжьэнырц. ФIыкIэ узыщIигубын инвестицIэ проектхэр дгIэщ икIи абыхэм ящыщхэр ди округым зегъэужьынымкIэ программэм хагъэхащ. Апхуэдэу хьэрычэт Iэхуэм зегъэужьынымрэ абы дэIэпыкъунымкIэ республикэ программэхэр щыIэщ. Цыхум зыхэпсэукIын Iэнатlэ кьызэригъэпэщыфын папщIэ, дэ республикэ программэ зыбжанэ кьэтщтащ, дэтхэнэ зым ахьшэ гуэр кьыхэрилъежьын Iэмалхэр щыуБзыхуаеу. Дауэ щымытми, дэтхэнэ лъапсэри лэжьапIэ Iэнатlэ пщIы хьунущ, хьер гуэр кьуиту. Мис а Iуэхум цыху нэхъыбэ хэшэн хуейщ. Нэгъабэ елытауэ республикэм ику иту щат лэжьапщIэр процент 25,3-кIэ нэхъыбэ хьауащ. Нэгъэущу жыпIэмэ, ипэкIэ докIуатэ, ауэ абы зэкIэ арэзы дыкъыщIыркъым», - кьыхигъэщхьэхуКIащ Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхэригъэувам тету, щэуэ кьыхэрагъэпэщ Правительствэм хэтхэр хэхаэу зытелажьэнур а кьалэныр щ.

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КъБР-м и Iэтащхьэм и пресс-секретарь, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэм и унафэщI.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэрал мылъкур зэращэ щIыкIэм зихъуэжынущ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Унафэщ Чеченов Ануар. Абы депутатхэм унафэ щащащ Парламентым и планар зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 27-м зэхуашэсыну.

"КЪЕЭЗРДЕЙ-БАЛЬКЪЭР Республикэм и къэрал мылъкур приватизацIэ щIыным и Iэхуэкъ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьынигъэкIэ зэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр Президиумым хэтхэм я пащхьэ кьырилъхьащ Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым и унафэщI **Марьяш Иринэ**. Документым кьеГэуэ республикэ мылъкур приватизацIэ зэращI щIыкIэр гъэтэмэмыжьын хуейуэ. Абы ипкь иткIэ, республикэм и къэрал мылъкум щыщу сом мелуан 50 нэхырэ нэхъыбэ гъэлIэу уасэу зыхуагъэувынухэр КъБР-м и къэрал мылъкур приватизацIэ щIынымкIэ программэм хагъэхьэн и пэкIэ Парламентыр хэпльэу арэзы техьэун хуейщ. Апхуэдэу законопроектым кьеГэуэ КъБР-м и къэрал мылъкур приватизацIэ щIынымкIэ планыр кьыщащтэ пIалъэ пыухыкIа убзыхун хуейуэ.

Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Мэремыкъуэ Арсен** тепсэлъыхьащ «Псыр къэгъэсэбэныным хьумэнымрэ екъэлIа Iуэхуэхэр зегъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Абы щыубзыхуащ псыр къэгъэсэбэныныкIэ хьумэнымкIэ, псыр кьыдэзрагъэсэбэным и уасэр гъэувыныкIэ, псым зэранигъэ кьимыхьныкIэ, апхуэдэ зэранигъэзэ я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьынымкIэ республикэм и къэрал властым и органхэм яIэ хуитынигъэхэр.

Депутатхэр зэхэпльащ законхэр кьыдэгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ УФ-м и нэгъуэщI субъект зыбжанэм я парламентархэм кьыхалъхьа жэрдэмхэр.

Президиумым хэтхэм кьащта унафэм ипкь иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм парламентаризмымрэ законхэр зэрагъэхьэзырымрэ зыщIегъэжьынымк, щIыхуэм я хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ кьызэгъэпэщыным куэд зэрыхилъхьам, жылагъуэ-политикэ лэжьигъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ятэ кьуэдзэ Жаным Руслан КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылыр иратащ. Щыхуэм я хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ кьыдэзрагъэпэщыныкIэ яхуэзэфIакIам папщIэ КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылыр апхуэдэу ирагащ Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэу Мисиров Хьызыр, СантIыкъ Алим сымэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэм и унафэщI.

● ЗэIущIэхэр

Сом меларди 2-рэ мелуан 705,6-рэ хухах

«Узыншагъэр хьумэнымкIэ IэнатIэр кьэгъэщIэрэщIэжьынымтехуэ программэр щагъэзэщIну пIальэм, тIэкIу гъэмэщIамри, 2013 гъэр хагъэхьажэ тэмэм хьунт. Абы и фIыгъэкIэ дызыхунэмыса Iуэху куэд тхудзгъэзэкIынут»,- Урысеим узыншагъэр хьумэнымкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ апхуэдэу щыжиIащ узыншагъэр хьумэнымкIэ IэнатIэр кьэгъэщIэрэщIэжьынымтехуэуэ иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа конференцым.

МИНИСТРЫМ кьыдэхуэсахэм ягу кьиригъэкIыжащ ильэситIым кьриубыдэу программэр гъэзэщIэным кьэралым сом мелард 320-м нэблагъэ зэрырригъэкIуэдар. Абы и фIыгъэкIэ медицинэм и Iуэхущапlэу куэд кьагъэщIэрэщIэжащ. Кьащтэмэ, медицинэм и Iуэхущапlэу мини 3,6-м я унэхэр зэрагъэпэщIжащ, Iуэхущапlэу мини 5,5-м идкьарей Iэмэпсымэхэр кьыхуащIэхуащ.

Ди республикэм и гугъу пщIымэ, мазэ бжыгъэ япэкIэ программэр гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ нэхъ кьыкIэрыкуэхэм ящыщу щытащ. Ауэ фокIадэ мазэм ирихьэлIэу КъБР-м Урысейм и щыналъэхэм я деж ещанэ увыпIэр щиубыдащ Iэнатlэр кьэгъэщIэрэщIэжьыным трагъэкIуэдэну кьэралым къуитIыпIу ахьшэр кьыдэзрагъэсэбэныкIэ. Жэпуэгъуэм и 25-м ирихьэлIэу щыналъэ программэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдащ кьаIэрыхьа федералынэ ахьшэм и процент 57,7-р.

КъБР-м узыншагъэр хьумэнымкIэ и IэнатIэр кьэгъэщIэрэщIэжьыным псори зэхэту сом меларди 2-рэ мелуан 705,6-рэ хухах. Абы щыщу сом 1 мелардэ мелуан 746,9-рэ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании эмкIэ федеральнэ фондым, республикэм и бюджет зэгуэтым сом мелуан 580,9-рэ, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании эм и щыналъэ фондым сом мелуан 377,6-рэ кьыхэкIынущ. Апхуэдэу ахьшэр унэтIынигъэкIэ гушыуэ я кьагъэсэбэпынуц икIи медицинэм и Iуэхущапlэхэр зыкуей IэмэпсымэхэмкIэ кьыдэзгъэпэщыным, информатизацIэм зегъэужьыным, медицинэ Iуэхуитыбзэхэр егъэфIэкIуэным икIи идкьрей мардэхэм кьеЗэгъыу зэтегъэувэным трагъэкIуэдэнущ.

ЗэфIагъэкIынухэр ягъэбелджылы

Щэкiуэгъуэм и 13-м КъБР-м и Правительствэм КъБР-м и Iэтащхьэм деж граждан жылагъуэ институтхэм цIыхум и хуитынигъэр хьумэным, зегъэужьыным ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар кьыдэIутыкащ икIи иригъэкIуэкIащ комиссэм ягъэпсыкIа зыхъ и секретарь Беппаев Суфян.

ЗЭIУЩIэм Беппаевым кьыщыхигъащащ республикэм и кьуажэ зыбжанэм хьыбар зэрыщагъэIуар политикэ залымыгъэм пхыкIа цIыхухэм кьэралым ахьшэ яритыжу жаIэу. «Ар пщIы зэфэхьазыр, цIыхухэр зыгъэзэжьэнуэ хуейхэм кьагупсысауэ», - жиIащ Суфян.

«Тэрч-Балькъ округ къэзакъыдзэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ **Любуня Николай** КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэу Щэрэзэм, Щэрэдж, Тэрч куейхэм щылажьэхэм я Iуэху зехьэкIэм арэзы укъэзымыщI зэрыхэлъым тепсэлъыхьащ. Николай жиIащ полицейскэр тэмэму лэжьакIэм папщIэ автомашинэкIэ, техникэкIэ я Iуэху зэпэщу щытын, участковхэм, плъыр-пост IэнатIэм Iутхэм я бжыгъэм хэгъэхьуэн зэрыхуейр.

Комиссэм хэтхэм КъБР-м щыIэ Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэм и кьудамэу Щэрэдж, Щэрэдж, Тэрч куейхэм я Iэтащхьэхэм, район унафэщIхэм щIэблэр спортым драгъэхьэхыну, щIалрэ къэралуаIэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэр жыджэру ягъэлэжьну, аэрэ гъэсэным гулыитэ хэха хуащIыну чэнджэщхэр ираташ. Диныр кьабзэу зезыхьэ щIалэгъуаIэр гъуэгу нэпцIым трамыщэн папщIэ, зэпыу имыIэу ядэлэжьэн зэрыхуейри щыжаIащ комиссэм.

ЗэIущIэм кьрихьэлIаIэхэр хэпльащ МузыкэмкIэ къэрал театрым и солист, Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и артист Къуйацыкъу Валерэ нобэ кьыздэсым общежитым зэрыщIэсым, абы фэтэр етын зэрыхуейм. Комиссэм хэтхэр арэзы техьауа я Iуэхур КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ деж нагъэсыным.

КъБР-м и Iэтащхьэм деж граждан жылагъуэ институтхэм цIыхум и хуитынигъэр хьумэным, зегъэужьыным ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ комиссэр 2013 гъэм зэлъэкIынур ягъэбелджылащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ЩIэпхъаджагъэм хохъуэ

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIа зэIущIэм кьыщахьа бжыгъэхэм кьыдэзрагъэлъагъэмкIэ, илъэсыр кьыдэзрихьэрэ КъЭкъэрдей-Балькъэрым и бюджет Iэнатlэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэр процент 36,7-кIэ нэхъыбэщ илъэс кIуам и апхуэдэ лъэхъэжьм елытауэ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым бюджет Iэнатlэм щалэжьа щIэпхъаджагъэ 190-рэ сомэ гъэсэ щхьацIэщ (нэгъабэ - 139-рэ). ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэхэу 71-рэ (62-рэ). Мылъкушхэм пыщIа щIэпхъаджагъэ 20 илъэс кIуам ялэжьамэ, мы гъэм ар 38-м нэсащ, - жиIащ КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щынагъуэншагъэмкIэ, коррупцэм ебэныныкIэ и управленэм и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ подполковник Бэрокьуэ Аэзэмэт.

И кIэм нагъэса уголовнэ IуэхуэхэмкIэ мылъку хэщIынигъэр сом мелуан 98-м щIегъу. Абы щыщу сом мелуан 14,5-р ирагъэпшыныжащ.

Бэрокьуэм кьыдэзригъэлъэгъуащи, бюджет Iэнатlэм щIэпхъаджагъэхэр щыслъэжьауэ жылагъэщащэр 44-м ирихьи, 58-м нэсащ. Мылъкушхэм ехьэлIа Iуэхуэхэм я гугъу щищIым, кьыхигъэщащ КъБР-м щыIэ Пенсэ фондым сом мелуан 60 хэщIынигъэ зэрыратар. «Ди гугъэщ а Iуэхур зэхэгъэкIынымрэ мыгувэу я кIэм нагъэсынымрэ», - жиIащ подполковникым.

ЗэхагъэкI уголовнэ Iуэхуэхэм ящыщу Аруан куейм пхъэнкIий зэхэдзыпIэ завод щыкуэнымк хуэхаа сом мелуан 42-м щIигъу бюджет мылъкур нэгъэущI Iэмалкlэ кьэзыгъэсэбэпа КъБР-м Зыу щыт заказчикым и унафэщIым и кьуэдзэтIым зтеухуар.

Фадэ нэпцI кьыщIэгъэкIыныр икIи игъэкIыныр кьыздэпыудыным, республикэм и щIыналъэм щыхур хъэщIыкъ зыщI джэгупIэхэр кьыщыщIэгъэщыным гулыитэ хэха хуащI управленэм и лэжьакIуэхэм. Фадэ нтулькIэ мелуани 3-м щIигъу, этил спирту литр мин 610-м нэблагъэ, федеральнэ маркэ нэпцIу мелуани 2-м щIигъу кьыгтрахащ. Щэхуу ягъэлажьэ джэгупIи 190-м нэблагъэ зэхуащIыжащ, зэгъэджэгу автомату 1213-рэ, компьютер Iэмэпсымэ зыпу 700-м нэблагъэ кьыгтрахащ. Административнэ хабзэр кьыдэзрызэпаудам теухуа Iуэхуи 186-рэ кьаIэтащ, кьуэдзуэ сом мин 400 тралъхьащ.

КъапэщIэ кьаIэныщIэхэм кьытеувыIащ, журналистхэм я упщIэхэм жэуап ираташ зэIущIэм хэтахэу КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щынагъуэншагъэмкIэ, коррупцэм ебэныныкIэ и управленэм и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэхэу Вындыкъ Асльэнрэ Бэджыдз Заурэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Къыззэгъэпэщын яух

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и етIуанэ зэхуэсгъэсыгъэм хэтын хуей цIыху 54-р хэхыныр зэфIэкIащ.

ЩIэкIуэгъуэм и 14-м иужьрей дыдэу Iэ зэраIэтам ипкъ иткIэ, абы хэгъэхьэжащ Апхудов Мурат, Атмурзаев Магомед, Беловэ Наталье, Зумакулов Асхат, Ирхин Андрей, Кьалмыкъ Жылэбий, Караев Расул, Кьаскъул Владимир, Колесников Юрий, Уянаев Борис, Хьэгъэжей Бесльэн, Хьэшыр Светланэ, Хьуэжыуэ Мурат, Чернышевэ Маринэ, Шавшн Мулэд, Цыкъымырзэ Мухьэмэд, Энеев Махмут, Этчеев Музэфар сымэ.

Мыгувэу екIуэкIыну пленар зэIущIэм палатэм и унафэщIхэмрэ комиссэхэм хэтынухэмрэ щыхахынущ.

● Хъыбар гуапэ

Мэжджыхь Эдуард студентхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм щытокIуэ

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ спортсмен Мэжджыхь Эдуард атлетикэ хьэльэмкIэ студентхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Чемпионатыр щэкIуэгъуэм и 4 - 10-хэм Эйлат кьалэм (Израиль) щекIуэкIащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ цIыхубз командэу 19, цIыхухьу командэу 26-рэ хэтащ. Урысейм и командэ кьыхэхар цIыхубзи 4-рэ цIыхухьуи 6-рэ хьууэ щытащ. Абыхэм дыщэ медалу 7, дыжьыну 1, жэзу 1 кьаIэщащ.

Зи хьэльагьыр килограмми 105-м щIигъу спортсменхэм я зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр кьыщихьащ КъБР-м щыщ штангист Мэжджыхь Эдуард. БгъэдыхьэгъунтIым абы псори зэхэту килограмм 402-рэ (180+222) кьиIэтащ. Мэжджыхь Эдуард Зенкьуэ кьуажэм атлетикэ хьэльэмкIэ дэт школым зыщIэсащ, Хьэфыщ1э Мухьэмэд и унафэм щIэту.

● Бгы-лыжэ зыгъэпсэхупIэм

Iуащхьэмахуэ лъапэ уэс къыщос

Махуищ хьуауэ Iуащхьэмахуэ лъапэ мыувыIэу уэс кьыщос. Лъэрыкэкlэ кьыщащхьыхь нэпкъхэм ар тезщ. Азау и Iэгъуэблагъэм, Мир станцым (м 3500-рэ) щыщIэдзауэ Старый Кругозор станцым (м 3000) нэс сантиметр 40 зи куугъэ уэс тельщ.

ТЫНШУ кьыщыбжыхьыфын папщIэ, «Курорт Эльбрус» ОАО-м и лэжьакIуэхэм гъуэгуэгъэ ягъэкъабзэ. Кьыщащхьыхьыну щIыпIэр щынагъуэншэу кьыззэрагъэпэщынущ. Апхуэдэуи, лыжэкIэ кьыщыкъэ трассэм зэрыгетыну хабзэхэр зэрыгт хьыбарегъащIэ тхыгъэхэр фIадзэнущ. Акционер зэгухьэныгъэм и унафэщI Беккаев Къьисэ зэрыжиIэмкIэ, мыгувэу лэжьыгъэ псори и кIэм нагъэсынущ.

Лыжэкlэ кьыщащхьыхь гъуэгуэгъэ нэхъ бгъуэ щыныкIэ мы гъэм и фокIадэм лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ. Мир станцым щыщIэдзауэ Азау губгъуэм нэс я бгъуагъкIэ метр 80, кьэзгъэшыпIэхэм деж метр 60 мэхьу. Трассэм метр 3250-рэ и кIыхьагъщ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгуэгъэ хабзэм тету мэлажьэ, ильэс кьэс Ростехнадзорым иригъэкIуэкI кIэлъыплъыныгъэхэри иращылIащ.

ЩIымахуэ турист лъэхъэжьэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щыщIидзэр дыгъэзгъаззм и 25-рщ. А зэманым ирихьэлIэу мыбы куэду кьоIуэ лъэрыкэкlэ кьэзыжьыхьэр, сноубордистхэр, апхуэдэуи, ильэсыщIэр мыбы кьыщрагъэхьэну зыфIэфI туристхэр. Дунейм и щытыкIэм кьыззэригъэлъагъэмкIэ, лъэрыжьэкIэ кьыщажьхэ зэманыр адрей ильэсхэм хуэмыдэу псынщIэу кьэсыну кьыщIэкIынущ. Гъунэгъу щыпIэхэм зыщызыгъэпсэхуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ кьыщажьхэ хунэсагъэхэхэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● ПщIэ

Фырэ Руслан и ныбжьэгъу нэхъыжьым йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Руслан дыгъуасэ хьуэхъу телеграммэ хуигъэхьащ РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ефэнды Джылахьстэн Кьасым и куэм.

ЕФЭНДЫ Джылахьстэн 1924 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м Аушыджэр кьуажэм кьыщалъхуащ. Москва дэт Партшкол нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и факультетыр кьиуха-щ. 1963 гъэм и щIыщыпIэ мазэм Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкIэ и министру ягъуэврИ, ильэс 1щIэрэ тхукIэ а кьулыкъым пэрытащ. «Щыхь дамыгъэ», Лэжьыгъэм и Ерракъ Плъыжь орденэр, «Йордэнием и Вагъуэ» орденым и яIэ нагъэщIэр кьратащ.

НэхъыжьыфIым хуигъэхьа телеграммэм Фырэ Руслан иритхащ кьэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм Къэбэрдей-Балькъэрым и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыным кьаруушхэу зэрырихьэлIам папщIэ фIыщIэ зэрыхуищIыр.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэм.

● Профсоюз Iуэху

Зэпеуэхэм къыпащэ

Дыгъуасэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и къэрал Iэнатlэхэмрэ цIыхум Iуэхутхьабзэ яхуэщIэным телажьэ Iуэхущапlэхэмрэ я профсоюзым и рескомым кьыдзригъэпэща яп1 спартакиадэ. Ар щекIуэкIащ Щэджэм кьалэм дэт Спортымкlэ уарэр унэм.

ЗЭПЕУЭМ и кьалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр езыгъэфIакIуэ, гукъыдэжкIр кьэзыIэт, цIыхур зэкъуэзыгъэувэ спортым лэжьакIуэ нэхъыбэ дегъэхьэхынырщ. Абы хэтащ ди республикэм и куейхэмрэ кьалэхэмрэ я командэхэр.

Зэхьэзэхуэхэр волейбольымкIэ, кIапсэ зэпекъуэмкIэ, Iэпщэрыбанэмкlэ екIуэкIащ.

А лIэужьыгъуэхэм нэхъ щIытрагъэщIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, я ныбжь емыльытауэ, цIыхухьуэхри цIыхубзхэри абыхэм ахьарзынэу зэрыхэзагъэрц.

КьыззэгъэпэщакIуэхэм зэрыкIалэмкIэ, псом ящхьэр зэпеуэм хэтахэм кьажь увыIпэрэвым, атIэ лэжьакIуэ гупыр гъунэгъу зыхуэхьыщ спорт зэхьэзэхуэхэр кьызэрыщIэрэщIэжьымрэ абы хэтыну гукъыдэж зыщIэхэм я бжыгъэм зэрыхэхьуэмрэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●АПК

Проценти 5-кIэ нэхъыбэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэш Iэнатlэ лIэужьыгъуэ псомэ щIышылъэ - фокIадэ мазэхэм гъавэхэдIыу сом мелард 21,3-рэ и уасэ кьыщалъхьащ. Ар нэгъабэ я апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 5-кIэ нэхъыбэщ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы зэманым кьрипубыдэу Iэщыщхэм я бжыгъэм процентри 9,5-кIэ хэхъуащ икIи мин 275-м нэсащ. Мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 411-рэ мэхьу. Ари нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елытагъуэ процент 15-м нэскIэ нэхъыбэщ. Кхъуэхэм я бжыгъэр зэрыщытауэ кьэнэжащ - мин 54-м щIегъу.

Лырэ гъэшу кьалэжьым, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процентри 10-кIэ, процент 12-кIэ хэхъуащ. Ерыскъы промышленностым и предприятиэхэм сом мелард 14,3-рэ и уасэ щхьыбгъу я кIэм нагъэсащ. Ар ильэс кIуам и мазищ-бгъуэм яхуэзэфIэкIам нэхъри хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэм.

● Нобэ

Тхыдэм теухуауэ

Ставрополь куейм хьыхь Русское кьуажэм и курыт школ №8-м «Къэбэрдей-Балькъэрым и тхыдэм и напэкIуэцIкIэр» зыфIаща лъахэхэуэ фестиваль-зэпеуэ нобэ, щэкIуэгъуэм и 17-м, щокIуэкI.

АБЫ ХЭТЫНУЩ Ставрополь куейм? Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ щыпсэу адыгэхэр. Зэпеуэмрэ кьыззэгъэпэщар КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетырщ. Фестивалым и хьэщIэ лъапIэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэр, «Кабардинка» къэрал ансамбльым и кьэфакIуэхэр, адыгэ уэрэджыакIуэ ныбжьыщIэхэр.

Зэхьыхьэ кьызэрагъэпэщащ нэгъуэщI щыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэр хьумэным, зегъэужьыным тещIыхьауэ.

Фестиваль-зэпеуэр ильэс ещанэ хьуауэ ирагъэкIуэкI. Абы и программэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудащ. Апхуэдэщ «Хьыбар-Хасэм и Тхьэмадэр, «Кабардинка» къэрал ансамбльым хэлэжьыхьа, лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа адыгэхэр), «Адэжь щIэинхэр» (тхыдэ, хабзэ, щэнхабзэ), «IуэрыIуатIэр» (театр тепльэгъуэ щIыкIэр, кьафэхэр, уэрэдхэр), лъэпкъ зыныныгъэхэмрэ цIыху Iэпщ1эльапщIэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр гъэльэгъуэныкъэ.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущапlэм.

● ХъыбарегъащIэхэр

УсакIуэмрэ уэрэджыIакIуэмрэ

Урысейм гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саутэтым и лауреат Дементьев Дмитрийрэ артист цIэрыIуэ Тишман Маркрэ я пшыхь щэкIуэгъуэм и 18-м, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм (Налшык къалэ) щекIуэкIынущ. ЩышIидзэнур сыхьэт 18.00-рщ.

ДЕМЕНТЬЕВ Андрей усакIуэ-уэрэдусщ. Абы и усэхэмкIэ ятха уэрэдхэр зыгъэзэщIахэм ящыщ Зыкинэ Людмилэ, Лещенкэ Лев, Толкуновэ Валентинэ, Ротару Софие, Кобзон Иосиф, Готт Карел, Киров Бисер, Мартынов Евгений сымэ.

Мордовиер ди хьэщIэщ

МОРДОВИЕМ и махуэр Кавказ Ищхьэрэм щыгъэлъэпIэным ипкъ иткIэ, щэкIуэгъуэм и 18-м, сыхьэт 18.00-м щIидзэу, Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэм щекIуэкIынущ Iуэрыуатэмкlэ «Умарина» къэрал ансамбльымрэ республикэм гъуэзджэмкIэ и цIыху цIэрыIуэхэмрэ я концерт.

● Гъэгуанэ тхыгъэхэр

Сочэ и Къуэбылэ аузым

Си ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм щIигъуами, иджыри кIэс зэн ныкъсхупхуатэжьым Сочэ и Къуэбыдэ ауэлр зэзгъэльэгъуну. Адыгэм и тхыдэ гуузым увыпIэ хэха щызыIыгъ мы щыпIэр дэтхэнэ ди зы льэпкъэгъуми и гум къыдзеIэм шэч хэлъкъым - мыбдежращ щичэр дунейм дытекIуэдыкIыжьипэкIэ щынагъуэ кьытхуэзыкьауэ щыта ильэсищкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьыр.

Арткъуажэ - Къбаадэ - Романовск - Красная Полянэ

ИжЬ-ИжЬыЖ льандэрэ Кавказ Къухьэпlэм и ищкъэрэ льэныкъуэм адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ щыпсэуащ, Iэщ зэрахуэу, гъавэ ящIэу, бдзэжьей ещэу, щакIуэу я гъащIэр абыхэм яхьащ, я гъунэгъухэм пщIэ лей кьыхуащIэ я зэхэтыкIэр афIэтельыджэу. Ар жэнэт щыналъэт - кьурш щхьэ тхъуахэм укьызэрехьу сытри бэву кьыщыкI тафэм утехьэрт, адэжIэ теджьэ ФЫцIэр кьыщыкъубейрт. Апхуэдэ щыпIэр, даун, бий куэдым я пльапIэт. Хэти щIэхьуэпсырт ар зыIэригъэхьэну...

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Торнау зэритхъжьымкIэ, 1835 гъэм Арткъуажэр мы щIыпIэм щыIащ. Урыс-Кавказ зауэм и кIэухым абы Къбаадэкlэ (Къуэбыдэ) еджэ хьуащ. 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м абдежым щызэхьхьэжащ адыгэщIыр льэныкьуэ зырызымкI къыщIызызэу урысыдзэр. Къбаадэ ауэжэм и деж зауэ гуащIэ щекIуэкIащ икIи щхьэ бжыгъэрэ Iэщхьэ куэдкIэ ныебжI зэрыпхъуакIуэхэм бгырысхэр пльэщащым.

Ихъуреягъкlэ льым зэщIищтат, зи псэр зэкIхэм я щэIу макъымрэ хьэдэхэр зыгъэI цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я макъым ауэлр дэгъэзырт. «Текlуэныгъэ иныр» къэзыхьа пащтыхьыдзэм и Iутlыжьыгъуэт: фадэр уэру ягъэкIуэщIырт, зым и лIыгъэр адрейм хуиIуэтэжьырт. Дзэ псоми я Iэтащхьэ джыназышхэу Михаил Николаевич Романовыр кьрихьэлIэу парад ирагъэкIуэкIыжри, жор тращIыхьыжащ, иджы игъащIжьэ Урысейм ар зэрищIынальэр щIагъэбыдзэжу.

КъыкIэльыкIуэ махуэм Къбаадэ къыдэнэжа мащIэм хуагъэуващ щылъхуэ щIыпIэр икIещIыпIэкIэ ябгьынэну. Апхуэдизкъым, ауэ ар щыта Кавказым иджы сыт хуэдэ дунейпсо Iуэхугъуэ инхэри къыщыпIэт зэрыщыгъхьунур. ЕтIуанэрауэ, ди курортхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ хамэ къэралтуристхэр кьыдрагъэхьэхьунущ. А мурадхэр пхагъэкIын папщIэ къэрал мыльку зыкIи щыслъхьакъым - Сочэ Олимпиадэм сом триллион 1,4-р трагъэкIуэдзэнущ. Апхуэдизэ мыльку зыхьа Щымахуэ Олимп Джэгу иджыри къэс жьжьэуи щылакъым, щыIэнуи къыщIэкIынкъым.

«РИА Новости» медиахолдингым, Урысейм и Олимп комитетымрэ «Сочэ-2014» кьыззгъэпэщакIуэ Iэнатlэмрэ я щIэгъэкъуэну, кьыззригъэпэща Спорт журналистхэм я етIуанэ урысейпсо зэхуэсым кьрихьэлlат ди къэралым и щыпIэ псоми икIа цIыхуи 160-м щIигъу. Сочэ Олимп Джэгухэм зэрызыхуигъэхьэзыр щIыкIэм, ар щекIуэкIкIэ журналистхэр зэрылэжьэнум, нэхъ гу зылъатэнуэхэм теухуат щэкIуэгъэуэ мазэм и пэщIэдэзэм зэхаубла зэIуцIэр. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэм зэрытетхыкьы щыкIэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ дыхуащIащ «РИА Новости» медиахолдингым, Франс-Пресс, Ассошейтед-Пресс, Рейтер агентствэхэм я журналист щэрыIуэхэу Кикнадзе Василий, Конов Василий, Россошик Лев, Тугарин Дмитрий, Амальви Винсент, Тейлор Терри, Редфорд Пол, Хулэ Эдвард сымэ, нэгъуэщIхэми. Олимп чемпионхэу Журовэ Светланэ, Макаров Сергей, Киселевэ Марие сымэ хуэдэхэм дахуэзэну, депсэльэну, я чэнджэщхэм дедэIуэну Iэмал кьыдатащ. Дэтхэнэ зыми ди IэщIагъэмкIэ кьытхуэщхьэпэн гуэрхэм дыщитъэгъуэзащ. КъащIтэмэ, кьыхагъэщащ хьыбарыщIэр Iуэхур кьэхъуа иужькIэ дакъикъэ-дакъикъэрэ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкIыу зэбгырымгъэхэм, адрейхэм уакьыззэрыкIэрыхунур, журналистыр куэдым хищIыкIыу, псынщIэу тхэфу, Iэзэу сурэт трихьфу, компьютерым Iэкlуэльакlуэу ирилэжьэфу Iэмал имыIэу зэрыщIытыпхьэр. ЩыIэжькым газетыр кьыдзэкIыхукIэ зэфырыкIэрыхунур, журналистыр куэдым хищIыкIыу, псынщIэу тхэфу, Iэзэу сурэт трихьфу, компьютерым Iэкlуэльакlуэу ирилэжьэфу Iэмал имыIэу зэрыщIытыпхьэр.. ЩыIэжькым газетыр кьыдзэкIыхукIэ зэфырыкIэрыхунур, журналистыр куэдым хищIыкIыу, псынщIэу тхэфу, Iэзэу сурэт трихьфу, компьютерым Iэкlуэльакlуэу ирилэжьэфу Iэмал имыIэу зэрыщIытыпхьэр

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Гухэлъыр щыкIуэдыжыр

Гуапагъэр - зи лейри зэран мыхъу хьэщ.

КъэкIуэнум фемыгупсысмэ - апхуэдэ фиIэнукъым.

Закъуэныгъэракъым цIыхум дежкIэ нэхъ Iей дыдэу щыIэр, атIэ уи Iэр зэтедзауэ ущысынырщ.

Дэтхэнэри пэжу щытыным хущIокIу, ауэ куэдым къайхъулIэркъым.

ЛIэныгъэм Iейуэ хэлъри? Уэ дунейм уток Iыжри, фIыуэ лъагъу псори кьонэ.

Лъэпощхьэпохэм щышынэ лъагъуныгъэр лъагъуныгъэкъым.

ГушыIэныр зыхэвмын. ЦIыхум дежкIэ гушыIэр зыхуэдэр розэм къыпих мэ гуакIуэрщ.

Дезэрац псори ищIэу жызыIэфынур.

ГъащIэм нэхъ Iейуэ хэлъхэм ящыщщ пщIар зэпхъуэкIыжыну Iэмал ущимыIэм деж.

ЦIыхум пщIэ яхуэпщIынымкъикIыр уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжынырщ.

ЦIыку псори зэщхьщ; зэрахуэзэфIэкIкIэ нэхъыбэ къащтэ, ауэ ятыр нэхъ мащIэщ.

Гухэлъыр мэкIуэдыжьыжьэм щыхэбутIыпщхьэм деж.

ЦIыхум укъызэрыщыхъур уэ зыкъызэрыбгъэлъагъуэм хуэдэущ.

Лъагъуныгъэм псори зэрехъуэкI, ар дунейм псом щытепщэщ, щIэрыщIэуи кIыгъэщIыжыфынущ. Лъагъуныгъэр ди псэм и дыгъэщ икIи и жыбгъэщ. Языныкъуэхэм дежи уэшх тхуохъу...

* * *

Голсуорси Джон

ИНДЖЫЛIЫЗ прозаик, драматург, Нобель саугъэтым и лауреат Голсуорси Джон 1867 гъэм щыщхьэIуи и 14-м Кингстон-Хилл (графство Суррей) инджылыз кIыалъэм сыщалъхуащ. Харроу школым адвокат Iуэхуэм щыхуеджащ, иужькIэ Оксфорд университетым щIэтIысхьащ. Ауэ, Голсуорси дихьэхакъым кIыхьи-ха IэщIагъэм, икIи, юрис-пруденцIэ IэнатIэм пэрымыуэу, я унагъуэ хьэрычэтыщIэ Iуэхум кIэлъыплъыну хуэдэу хамэ къэрал кIуащ.

Голсуорси и япэ тхыдэр, рассказ зыбжанэ щызэхуэхьэсар, 1897 гъэм дунейм къытехьащ. Абыи адэкIэ къыкIэлъыкIуа зыбжанэми кIэщIитхар Синджон Джонщ. Абы пьесэхэри романхэри итхыу щытащ. Иджыпсту Голсуорси нэхъыбэу къызэрацIыхур и романхэмкIэщ. Псом хуэмыдэу «Сага о Форсайтах» трилогием куэд щыгъуазэщ. 1932 гъэм Нобель саугъэтыр литературэмкIэ кратауэ щытащ. 1933 гъэм дунейм ехыжащ инджылыз тхакIуэр.

Тэрч къалэ щIыхь зиIэ и цIыху

● Фэ фщIэрэ?

Этуш Владимир

ТЕАТРЫМРЭ киномрэ я актер цIэрыIуэ, РСФСР-м, СССР-м я цIыхубэ артист, Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр училищэм и художественнэ унафэщ, Хэку зауэшхуэм и ветеран Этуш Владимир и гъащIэ псор театрым тыхь хуищащ. 1945 гъэм Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр училищэр кIуиха нэужь, Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. А лъэхъэнэм кIрибыдзэу нэхъ гукIинэжу зыхэтауэ къалытэр Шекспир и «Два веронца» комедием Лаунс унэIутым и ролыр зэрыщIэзэщIарщ.

IэщагъэлIэкIэр артистыр фIыуэ зыIыгъуэхэри дээыхьэха роль куэд игъэззащIащ мы актерым. Кьапщтэмэ, абы и творчествэр тохуэ Станиславский Константин и псалъэхэм - роль цIыкIу щыIэкъым, артист цIыкIущ щыIэр. Мис а роль цIыкIухэм къыщигъэльэгъуа Iэзагъ иныкIи, и зэфIэкI гъунэншэрщ 1971 гъэм - РСФСР-м, 1984 гъэм СССР-м я цIыхубэ артист щIэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфащащ.

Гайдай Леонид 1966 гъэм триха «Кавказская пленница» фильмырщ ар къызэрымыкIуэу щэрыIуэ зыщIар. Саахов и ролыр дагъэзэщIэу Этуш зыкъызэрымысыжамкIэ, а образым тыншу ихьэфащ, псэльэкIэми гугъу дехьакъым, Кавказым зэрыщызэуам и фыгъэкIэ. Араущ къыщIэкIыщ ар ди хэгъуэгум нэхъ гъунэгъу къызэрыщIари. Мыбдежьым къыхэзгъэщIтхъщ артист цIэрыIуэр Къэбэрдей-Балькъэрым зэрыпщIа щыкIэри. Хэку зауэшхуэм и ужаГъэ хэту фIэкIа тхэфыртэкъым, зэхэпхъхьэн-зэхэхьынхэри фIыуэ къеэхъулIэртэкъыми. АбыкIэ Дюма Александр-адэм ещхьт.

Нобель саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** ику иту еджэрт. И адэ-анэм жаIэу щытащ абы щIэныгъэ куу зэрызримыгъэгъуэтыфынур, къызэрыгуэкI IэнатIэ гуэрым пэрыгъэувэн зэрыхуейр.

Манковский Владимир еджэныр апхуэдизкIэ къыфIэIуэхугъэкъыми, уеблэмэ «Анна Каренина»-и кIэм нэсу зэреметыджамкIэ зиумысыжырт.

Пушкин Александр лицейм щыщIэсым еджэныр щIагъуэу хэзгъэгъу щытакъым, уеблэмэ есэпымкIэ дерсхэр ильэгъу хъуртэкъым.

Чехов Антон курыт школым щыщIэсым тIэу къраГъэнэжауэ щытащ.

Япэ ракетхэр, спутникхэр къэзыгупсыса, «Восток», «Восход» космическэ юнуэхьэр кIэзыгъэщIа **Королев Сергей** «Э» зэщIэкIэ еджауэ араущ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Сиз.

Канзас-Сити (США, Миссури штатым хьыхьэ къалэшхуэщ) Iуэхущ Iапли куэд щызэхэт и куейм дэт ухуэныгъэщ сурэтым щыфлъагъур. Центральнэ библиотекэм къалэр игъэдахэ къудейкъым, атIэ абы дэс цIыхубэр тхыль адженым зэрыхэзгъэунцIэр къэгъэльагъуэ. Даум, мыпхуэдэ тепльэ зиIэ библиотекэм ущIыхьэу тхыль ущеемыджэу е къыIыумыхьу ублэкIыфын? Библиотекэм и Iуплъапlэм тратхащ канзасдэсхэм нэхъыфIу яльагъу тхыльхэр.

● ЖыIэгъуэхэр

Быныр зыгъасэр псалъэркъым

u Насыпыр щIыхум куэдрэ къъуалIэркъым, къыпхуэкIуамэ, быдзэ хъумэн хуейщ.

u Быныр нэхъыбэу зыгъасэр уи псалъэркъым, блэжь Iуэхуэхэращ.

u Фы зыхуэпщIэм пщIэкIэ щымыгугъ.

u Унэгуащэр япэ ищым, лIым и гъащIэр къуофэрэнкI.

u ЦIыхубэм пашэу укъаталытэн щхьэкIэ, уи зэфIэкIыр къащIэн хуейщ.

u Щыхуэр езыгъэшыр лэжьыгъэраркъым - лэжьыгъэнщагъэращ.

u Динхэр зэзыуштым гуэныхьым я нэхъ гуащIэр и Iыхьащ.

u ЛIыфI зыдэс жылэ щIэрыIуэщ.

u НэгъэщIым и щыуагъэр зыльытэфым езым и щыуагъэм хегъащI.

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Шхыныгъуэхэр

Лы гъэва, цIывынэ и гъусэу

Мы шхыныгъуэм щхьэкIэ нэхъ къащтэр лы пшэрщ. Къупщхьэ хэльуи лыпIэуи бгъэхьэзыр хъунущ. Лыр зэпауд е зэпагъэж г 100 - 150-рэ хъууэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщIри шыуаным иралъхьэ. Ар щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэ, хьэкум трагъэувэри мафIэ иным тету, шыуаныщхьэри тепIауэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчыркIэ къытрах. ИтIанэ мафIэр цIыкIу щII, абы шыгъу, бжьын укъэбза, губгъуэпхъ халъхьэри, хьэзыр хъуху ягъавэ, зэзэмызэ тхъурымбэр къытракъуурэ. Лы вар лэпсым къыхахыжри тепщэчым иралъхьэ, лэпсыр зэзыж, шыуаныщхьэр трапIэжри цIывынэ щIыIуху хьэкубгъуэм трагъэт.

ЦIывынэ щIыIн щхьэкIэ гуэдз хьэжыгъэр тепщэчыщхуэм ирахуэущIа. И кур кратхъури, абы шыгъу зыхэлъ псы хуабэ иракIэ, джэдыкIэ уда хэльу. Тхьэвыр быдэ хъуху япщ, абы и щхьэм гуэдз хьэжыгъэ трауд эри, нэхъ зэхэпщIыхьыш щхьэкIэ дакъикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкIэ щагъэт. ИтIанэ тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм тралъхьэри, хупхьэкIэ яху, зэпэпIинмэу, и Iувагъыр 1 сантиметр хъууэ. Тхьэв хуам къыхагъэж см 3 хъу IупщIэ зэпэпIимэ цIыкIуэхэр. А къыхагъэжахэр лэпс кхъкъуалъэм хакIутэри, чымчыркIэ зэIущIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. ЦIывынэ вар чымчыркIэ къыхахыж, тепщэч куум иралъхьэри, бжьыныху шыпс тракIэж. Лы вар щIывынэри щхьэхуэ-щхьэкъуэу, пщтыру Iэнэм трагъэувэ. Шха нэужь, лэпс пщтыр трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цIыхунтI Iыхьэ):

мэылу - грамм 450-рэ,

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50,

губгъуэпхъуу - тхьэмпитI,

гуэдз хьэжыгъэу - грамм 450-рэ,

джэдыкIэу - 1.

Бжьынныху шыпсу, шыгъуу, псыуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Ар пэжщ

«Емыджэф» цIэрыIуэхэр

Зэчий зыбгъэдэлъ цIыху цIэрыIуэхэм я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ къэзыхутэжи жаIэ ахэр школакIуэ, студент «хузмыхухэм» ящыщу зэрыщытар. Къапщтэмэ:

Нюутон Исаак и классэгъуэм ящыщу нэхъ мыхьэнэншу еджар араущ. ИужькIэ и классым щIэс щIалэ цIыкIум езаузэри, кьиубгъэжьати, щIэныгъэкIэ япэ итыну му-раду зыхуигъэувыжри, мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу псом нэхъ нэхъыфIу еджэхьуащ.

Германие пащтыхьыгъуэм и канцлер **Отто фон Бисмарк** щIагъуэу еджэу щытакъым, лэжьыгъэми апхуэдэ дыдэут зэрыхущытыр.

Наполеон фIыуэ еджакъым, ауэ есэпым хъарзынэу хищIыкIырт.

Бетховен Людвиг щыгъуэ хэту фIэкIа тхэфыртэкъым, зэхэпхъхьэн-зэхэхьынхэри фIыуэ къеэхъулIэртэкъыми. АбыкIэ Дюма Александр-адэм ещхьт.

Нобель саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** ику иту еджэрт. И адэ-анэм жаIэу щытащ абы щIэныгъэ куу зэрызримыгъэгъуэтыфынур, къызэрыгуэкI IэнатIэ гуэрым пэрыгъэувэн зэрыхуейр.

Манковский Владимир еджэныр апхуэдизкIэ къыфIэIуэхугъэкъыми, уеблэмэ «Анна Каренина»-и кIэм нэсу зэреметыджамкIэ зиумысыжырт.

Пушкин Александр лицейм щыщIэсым еджэныр щIагъуэу хэзгъэгъу щытакъым, уеблэмэ есэпымкIэ дерсхэр ильэгъу хъуртэкъым.

Чехов Антон курыт школым щыщIэсым тIэу къраГъэнэжауэ щытащ.

Япэ ракетхэр, спутникхэр къэзыгупсыса, «Восток», «Восход» космическэ юнуэхьэр кIэзыгъэщIа **Королев Сергей** «Э» зэщIэкIэ еджауэ араущ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Сиз.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** Лъэдий ку гъуанэ зиIэ къэкIыгъэ лъагэ. **5.** Вакъэ лъапщэ кIыхь. **8.** Лъагэу зэтекIута гуэр. **9.** Бжэныфэм къыхащыкI къэп. **10.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **11.** Шы ... лъэ псыгъуэ. **12.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **16.** Мывэ ... Е къутэгъуей гуэр. **17.** Куэд, кьелыж. **19.** Удын зэхэдзэ нэхъ ... зэхэдз. **20.** Витамин куэд зыхэль пщэщхьэмыщхьэ. Мэзми, губгъуэми, кьалэ, къуажэ уэрамэхэм ушрохьэлIэ. Жэп теха нэужь, ткIыбжь щIэлъыр мэкIуэд. **21.** Псы фIей ина. **22.** Ди щIыпIэм щыщ лъэпкъ. **23.** Уи мыIыхьлы, уи мыблагъэ. **25.** Нартхэм я гуащэ. **26.** Тафэ, щIыпIэ сэтей. **28.** Жьэгум хэт шыуан фIэдзапIэ. **30.** Шыуанышхэз. **32.** Бжьын, кIэртIоф, шыбжий хуэдэхэр къащагъэкIыну ягъэхъэзыра щы Iыхьэ. **33.** ... нэхъри джэдыкIэ нэхъ Iущщ. **34.** Дин Iуэхум хуеджэн хьисэпкIэ Сауд Хъэрып къэралым кIуэуэ къэкIуэжа цIыху. **35.** МахуэщIэ. **36.** Къыщалъхуар мыхьуу, хамэ щIыналъэ щыпсэу цIыху.

Къехьу: **1.** Пхъэщхьэмыщхьэ ткIыбжь гуэржьыфэ цIыкIу. **2.** Къэбэрдей-Балькъэрым и министрэм я Советым и унафэщIу щыта Къущхьэ ... **4.** КъэгъэщигъуафIэ. **5.** Кьуажэ кIуэцIым дэт «транспорт». **6.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **7.** Адыгэ унагъуэ хуэщIахэм нэхъапэм я сабийхэр зрагъэпIу щытам зэредж. **13.** Адыгэ лъэпкъ. **14.** ЛIпыжьыфэ. **15.** Псым хэс хьэпщхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **17.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **18.** Адыгэ театрым и джэгуакIуэу икIи драматургыу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **24.** Къэбэрдей тхакIуэ пажэхэм ящыщ, новеллэ тельыдэкI куэд зи Iэдакъэ къыщIэкIа. **27.** Адыгэ театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **28.** Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и ректору щыта. **29.** Псы, къалэ, район. **30.** Нэкlум, щIыфэм иIэ зэлъа. **31.** Бжьыхьэ щIыIэм е щIымахуэм пщэм къраушкI.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Щыкlуэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Аджэшэ. **7.** Пхъэщабэ. **12.** Хьэм. **13.** Улахуэ. **14.** Афэ. **15.** Кьаз. **16.** Тэн. **17.** Пэгун. **19.** Кэхъуэн. **20.** Кьашыргъэ. **25.** Балий. **26.** Щтауч. **29.** Хъэрычут. **31.** Саут. **33.** Кьанж. **35.** Кьута. **37.** Бел. **39.** Нэз. **40.** Мастэ. **41.** Сэхъу. **42.** Гуэбэнэч. **43.** Кьэрэкъурэ.

Къехьу: **1.** Адэмыгу. **2.** Кьундуз. **3.** Ахьрэт. **4.** Абрагъуэ. **6.** Жэпкъ. **8.** Щыкъун. **9.** Щхьопс. **10.** Шапсыгъ. **11.** Лэгъунэ. **18.** Назирэт. **19.** Кьэлтмакъ. **21.** Адакъэ. **22.** Гъатхэ. **23.** Кьан. **24.** Ауэ. **27.** Джьлису. **28.** Псыно. **30.** Ажахьуэ. **32.** Узэрэдж. **34.** Акъсыр. **35.** Кьупхъэ. **36.** Амдэч. **37.** Бэзэр. **38.** Лыгъэ.

Баффет Уоррен и дерсхэр

● Мелуанырыбжэхэр

БАФФЕТ Уоррен Эдвард - инвестор нэхъ цIэрыIуэ дыдэщ. Ар 1930 гъэм щыщхьэIуми и 30 Омахэ (США) къыщалъхуащ. Баффетхэ я унагъуэм кIыхьуа сабиипIэм Уоррен и закъуэщ щIалэу яхэтар.

Абы и адэщхуэм Омахэ тыкуэн щIыкIу щIэт, ерыскыкъэкIэр щищу, абы щылажьэу щытащ иджыпсту Баффет и компаньон Маггер Чарли. Уоррен и сабиигъуэм щегъэжьауэ бжыгъэхэмкIэ, есэпымкIэ къызэрымыкIуэу Iэзэт, абы тынш дыдэу зэригъэщIащ Америкэм и кьалэхэм дэс щIыхухэм я бжыгъэр.

Баффет фейдэ къыхэпхIуа и япэ Iуэхур илъэсих щIыхьым иригъжьащ. И адэщхуэм и тыкуэным «Coca-Cola» банкIитху, дэтхэнэми цент 25-рэ хуэзэу, кьищIэщхуэри, дэтхэнэри цент 50 техуэу ищэжащ. И ныбжьыр илъэс 11 щыхьым и адэм и Iуэхуэхэм нэхъ дихьэхащ. И щыпхъу изхьыжь Дорис гъусэ кьищIи, я адэм ахъшэ щIыхуэ я кьраIыхри, и япэ акциищр кьищIэхущ. Куэдрэ иIыгъакъым ахэр, химыльэфэн щхьэкIэ, доллари 5 фейдэ кьригъэщIри ищэжащ. Зы акциэр доллар 38-кIэ кьищхуауэ арати, зэращIэу 27-м нэс ехуэхащ, махуитI дэкIри, доллар 40 и уасэ хъущ, абы щыгъэщI Баффет ейхэр щищэжар. Ауэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу зы акциэм доллар 200 и уасэ хъущ - щыIныгъэ пхэльыкIэ зэрыкуэтри и япэ дерс хуэхъущ ар Уоррен.

И ныбжьыр илъэс 13 щрикъуам «Washington Post» газетыр кьрихьэкIыу щIидзэри, зы маэм доллари 175-рэ кьыдэжь хъущ. Абы дамэ кьызэтригъэкIа Уоррен и Iыхьлъэм яжриащ илъэс 30-м и ирихьэлIэу миллионер мыхьэмэ, Омахэ дэт упчэ нэхъ лъагэ дыдэм къыхэпкIынур. А ныбжьым нэсыху нэхъ губзыгъэ хъунщ ди щIалэр жыхуаIэу, и адэ-анэм кьафIэIуэхуакъым абы жиIащ. Ауэ илъэс 13-м иту хъэрычэтыщIэ жыджэр хъуа щIалэм и псалъэр игъэпэжащ, и ныбжьыр илъэс 31-м щынэблагъэм зэпхуэдэ доллар мелуанырыр кьыдэжьащ.



Школ нэхъыщхьэри Пенсильвание дэт университетри кьнуха нэужь, ар щIэтIысхьащ хъэрычэтыщIэ Iуэхум щыхэзгъэлажьэ Колумбие дэт школым. Зэманэ дэкIри, Грэм Бенджамин и «Интеллектуальный инвестор» тхылыр Iэпэгъу хуэхъущ. Тхылыр зытеухъар акцэм фейдэ кьызэребгъэщIыфынум и Iамалыщхэгъэщ.

ЩыIэ пхэтыкI, зэгъэзахуэ уиIэн хуейт ар зытехьа гъэгъуэм ущымылъэгъуэгъэн щхьэкIэ, кьищынэмыщIауэ, есэпым зэрыхуэIэзэрэ хуабжьу сэбэп кьыхуэхъурт. Зи гугъу тщIы тхылыр зытхан и нэ щIэту экономикэмкIэ IэкIуэтакIуэ мэхъу. Ауэ Грэм зыпет хабзэхэм я гъунэгъуэщIхэ дыдэу кьезэвэкI мэхъури, адэкIэ зрегъэужь.

1957 гъэм Баффет Омахэ зегъэзжри, абы инвестиц зэгухэныгъэ кьыщызэрегъэпэщ. Езыр компаниеи и генеральнэ менеджеру хахри, Iуэхур йожьэ. Баффет и Iуэху зехьэкIэр адрейхэм кьащхьэщыкIырт. Зы компание кьещIхуэри, абы бизнесыр щIэуэ щызэтреубгъэ, хэхъуэ кьыхуихьэ, егъэлажьэ, фейдэ кьыпимыкIыфрэ - зэхуешIыж. Ахьшэ къызыпэжкIуэраща, армыхъумэ социальнэ Iуэхум егупсысыркъым.

НэгъуэщI зы хьэлэ хэльщ Баффет: и бынхэм ахъшэкIэ яхуэжмарткъым, апхуэдизмыльку бгъэдэлъ пэтми. ЯдоIэпыкъу, ауэ ахъшэ зэбгрипхъыркъым. Зэгурым Уоррен и кьуэ Говард и адэм кьельэIуащ фермэ кьищэхуу, хьэрычэтыщIэ Iуэху зэтриубгъэнымкIэ кьыдэлэпыкъуну. Адэм мылъку зыбгъэдэмыль и кьуэр игъэщIэхьуакъым. Фермэр езым кьищэхурэ, и кьуэм бдэжьдэ иритащ, мазэ кьэс процент бжыгъэ кьриту. Идэжьри зы щапхэ: Уоррен ипхъу Сьюзи ахъшэ щхьэкIэ кьелъэIуат и машинэр аэропортым и гаражым кьыщIихуэжынути. Баффет и пхъум тхылымпIэм Iэ щIригъэдэри, доллар 20-р щIыхуэу яригъэщ.

Баффет кьыхэзгъэнэща «Berkshire Hathaway» компание лъэщыр езым и цIэкIэщ зэрытхар. Зыгуэр кьэхъу хьэжыкъуэмэ, Уолл Стрит щекIуэкIыну драмэм иджы щыщIэдзауэ топсэльыхь ар кьыкъыфIэIуэхуэр. Компанием и акцэхэм я уасэр ар ыпIэщIэтым кхуэдэ епытащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, аращ абы щекIуэкI лэжьыгъэр кьызэзыгъэпэщри, езыгъэфIакIуэри, зезыгъэужьри. А кьулыкъым Баффет хуэдэу пэлъэщым гуэр щыIэу я фIэщ щыIэ. Ауэ Уоррен жиIащ и кьулыкъур зыхуигъэфэщэн кьызэригъэтар, ауэ хэтми и цIэр дунейм кьытригъэхьэркъым. Куэд щIауэ и партнер Мунгер Чарли пIэрэ е Симпсон Лу («Government Employees Insurance Co» и унафэщI)? Хэт щIэгъэ?!

Дауэ щымытми, Баффет Уоррен и дерсыр дуней псом щызэрагъащIэ, уеблэмэ «Баффет цIыкIуэхэм» инвестор Iуэхум хэлъхьэныгъэфIи хуащIащ.

Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщIхьэм и кIуэдзэ), **ЖЬэхЭмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и кIуэдзэ), **ШIирдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и кIуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Иэз.**

КьыдзэгъэкIэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

КЪЭБАРТ Мир.

ТЕЛЕФОНХэр: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ -42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхэм я Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ Iуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм щагъэнэжащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Кьаншокьуэ Эллэ, редакторыу ЩхьэщэмыщI Иэз, корректорхэу Щоджэн Инно *(1, 2, 6-нэ нап.)*, ПхытIыкI Аэзмэт *(3, 4, 5-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэнэжащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3027